

jodia...

1

Mési anpil pou chans sa a mwen genyen jodi a pou mwen patisipe ansanm ak anpil lót latino ameriken, karayibeyen, e latriye nan konstriksyon yon monn ki pi jis, nan la pé, san grangou ak mizé.

2

Map toujou sonje ke li pa posib pou rezoud chak problém brid sou kou. Se sak fé map toujou komanse ak sa ki pi ijan.

3

Ak respé e afeksyon, mwen ka di "non" osinon "mwen pa ka fé li kounye ya" lel necesé. Le ma bezwen ed, ma va mande lot kamarad yo san krent.

4

Map pran swen tét mwen pandan ke map travay. Map manje sa ki bon pou santé mwen e mwen va repoze kó mwen lé li necesé. Map toujou fé ekzésis e dómi kóm sa dwa.

5

Lé ke map vwayaje, map planifye davans, fé kodinasyón e delege sa ki dwe fet pandan mwen pa la pou mwen ka an pé ak lespri e konsians mwen.

6

Le map vwayaje, se pou mwen konsantre sou travay mwen, kapasite konpayon travay mwen, organizasyon, ak kominate ke map vizite yo.

7

Map janti ak zanmi travay mwen yo, e map toujou apresye travay yo, efó ak sakrifis ke yo fé.

8

Map rezéve tan, kapasite ak enéji pou zafé pa mwen. Apre travay, ma fé lót sa ke mwen renmen osinon mwen pat gen tan fé tankou rele yon fanmi osinon vizite yon kote espesyal.

9

Lé ke map planifye, fé bidjé, osinon revize pwogram yo pou kounye ya o apre, map pran an konsiderasyon bon kondisyon fizik, emosyonél, ak espiritiél travayé imanité yo paske sekirite yo ak dwa yo enpotan anpil pou mwen.

10

Mwen kontan anpil paske mwen pa gen parey, mwen gen valé, enpotans e map travay chak jou pou mwen fé yon diferans sou tout la té.

